Ассаламу гІалайкум!


# АХИХЪАН

№ 18 (7862)
1 Май
Хамиз 2025 сон
sadovoduns@yandex.ru
Багьа эркенаб

Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «САДОВОД»


## Аппараталъул данделъи



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялда районалъул администрациялда БетІерасул ишал тІуралев ХЪ-М ГІабдухаликъовас иргадулаб аппараталъул данделъи тІобитІана. Гьенир гІахьаллъана районалъул администрациялъул отделазул нухмалъулел.

Данделъиялда хІалтІаби унел ругеб куцалда хурхун хІисаб кьуна щивав нухмалъулес. Гьенибго бицана цебе бугеб ТІолгороссиялъул субботникалда гІахьаллъи гьабиялъул, бакІазда гьаризесел хІалтІабазул.

ГьаракІуни росдал администрациялда

## ЦІияв бетІер вихьизавуна



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялдасан ГьаракІуни росулъе вихьизавуна цІияв бетІер Шамсудинов Рустам Мух1амадович. Данделъиялда гьес рагІи кьуна росдал гІадамазул мурадал тІураялъул, гІадамазул гІумроялъул даража борхиялъе кинабго гьабизе бугилан.

Росдал гІадамаз гьираялда рахъ кьуна цІияв бетІерасул, гьесда рихьизаруна росу берцинго къачІаялъе, гІумрояшав лъикІлъиялъе гьаризесел тадбирал, кІвар кьуна лъай кьей, сахлъи цІуни лъикІлъизабиялъе гьаризесел хІалтІабаздеги.

ЦІияв бетІерас рагІи кьуна щибал рахъазде кІвар кьезе, цІиял хІаракатчилъиялъулал проектал хІалтІизаризе.

КІалъазе рахъарал росуцояз божилъи загьир гьабуна цадахъ рекъон гьабулеб хІалтІи букІинабиялда хурхун.

Халгьаби

## Тарихиял бакІазде-кІвар




«Унсоколо район» МОялъул бетІер ГІ. НурмухІамадовасул тІадкъаялдалъун гьал къоязда администрациялъул хасал хІалтІухъабаз хал гьаби тІобитІана туризмалъулал объектазда. Гьаб нухалда аслияб кІвар буссинабун букІана гендерил къварилъухъ бугеб башнялде. ГІицІго ракІ тІаде цІалеб архитектураялъулаб объект гуребги гьеб ккола гъваридаб культуриябгун рухІияб кІвар бугеб тарихияб бакІги.

Халгьаби тІобитІулезул къукъаялъулъе унаан районалъул бетІерасул зам. Ж. Шамсудинов, гІолилазулгун спорталъул ва туризмалъул иш тІаде кколел гІадамал.

Гьез кІвар буссинабуна рацІалъи чІезабиялде ва диниял къагІидаби гьенире рачІараз цІуниялде. БукІа абе гьеб ратІлидалъун, хьвада-чІвадиялдалъун, хваразул адабги, гурхІел цІобги бакІалъул гІадаталги т1аде рач1араз цІуниялде кІвар буссинабуна гьениб.

«Кидагосеб хъаравуллъиялда гъоркь букІине ккола гьадинал тарихиял бакІал, гьезул бугеб ах1вал-хІал, хасго рацІалъи чІезаби»-,ян абуна гьениб бетІерасул зам. Ж. Шамсудиновас.

КІудияб Бергьенлъиялъ-80 Сон

## ХІажатазе кумек щвеялъе

Унсоколо районалъул прокурорсул зам М. ХІамидовас бергьенлъиялъ 80 Сон тІубаялъул хІурматалда дандчІваял гьаруна хІалтІул ветераназулгун ва захІматалъул церехъабазулгун. ДандчІваялъул мурад букІана гьединазул гІумроялъулал захІмалъаби лъазари, КІудияб Бергьенлъиялъ 80 Сон тІубай барки ва гІумро гьабиялъулъ ругел захІмалъаби лъазари. Гьедин данчІваразул цояй ккола Рихьуни росулъа С. ХІажимахІамадоваги. Гьелъул ва цогидазулги хІажалъаби тІураялъе квербакъилин бихьизабула вакилас дандчІваялда.



Ахихъан
Районалъул газета
№ 18 (7862)
Хамиз 1 Май
2025 сон



## Баркала

Гьал къоязда Шамильхъала посе-локалъул къватIазда электрическиял чирахъал ран, кколел хIалтIаби гьарун, токалдалъун чиясе къварилъи ккунгутIиялъул мурадалда х1ал-т1аби гьаруна. СанагIалъаби гьару-на налогалъул ва подстанциялъул хIалтIухъабазул кумекалдалъун.

Гьеб рахъалъ гьабураб цIикIкIараб хIалтIухъ, кумекалъухъ, кIвар кьуралъ-ухъ кIудияб баркала загьир гьабула ну-жер щивасе. Сахлъи, талих1 гьарула ха-дубккун нужее!

**ХIурматгун «Унсоколо район» МОялъул бетIер ГI. НурмухIамадов**



# КIудияб Бергьенлъиялъ-80 Сон

# Гама хвассар гьабурав

Жеги лъалеб батиларо гьесул росуцо-язда кин гьав аваданав,кечI-макъаналъе гьунар бугев пулеметчик ГIалиев ГIабдула тушманасде данде вагъаравали. Нижеца цIунулеб букIана Саарема чIинкIиллъи-Ленинградалъул каву. ЧIахIиял бомбаби рехана фашистаз рагъул тIоцересел къояз чIинкIиллъуде, гьезда хадур рехана гучал десантал. БагIараб Армиялъ гьел ирга-дал гъурана Куивасту районалда, «Муха» чIинкIилъиялда ва цогидал ралъдал рагIалъабазда.

Рагъул кIиабилеб анкьида фашистазул план хисана: десантал раккичIо, кьвагьи хьадарлъана. ХIилла гьабулел ра-тана хIарамзадаби.

Прибалтикаялъул рагъулаб округалъул хасаб лъабабилеб бригадаялъул 46 полкалъул ко-мандованиялъ нижер кIиабилеб батальоналъе тIадкъаял кьуна Эстониялъул ракьалдасан Сааре-ма сверуде жаниб бачине ургъу-лел бидулазе Виртесу абулел гуми чIолеб бакIалдасан нух къазе. Гьеб букIана ралъад бахун добаб рахъ-алда.

Гама багъарана маркIачIуда.
- Бачун лъикI гурищ нилъерго наку нух теялъе,-ян абун вагъа-ва-чарана ГI.ГIабдулагь, кодоб ккун мандолинагун.
- Баче-баче, биччай ГIабдулагь цо макъан.

Мандолинаялъул хIеренал макъ-наз цIуна рагъулаб гама. Рокьул гуро, кьалул кечI ахIана къаси гьас, лъугIана гьадин:

**БухIараб магIу тIун**
**ГIодуге улбул,**
**ГIадада васаца**
**Кьезе гьечIин рухI.**

Сордо рогьана. Доле кIкIуйдулъ босун бухIулеб буго Виртсу гуми чIолеб бакI. Гама лъалхъине лъугьана: сунда бухьунеб, кин квар рехилеб? КIвезехъин гьечIо гьал-да рештIине.

Батальоналъул командир капитан А.А. Звездин гамил палубаялде вахана. «Ма-тросал, ралъдахъаби, хехго дихъе!»-ян ахIана гьес. БичIчIулеб букIана ралъдада-сан лъикIаланго манзилалъ лъимги хан, солдатазул цо къукъа гуми чIолеб бакIалде тIаде рахине хIажат букIин.

РетIелги тIадго кIанцIизе лъугьана гIолохъаби ралъдалъе, хIинкъи букIана гьебсагIат тIадебачIун «юнкерсалъ» гами-де тIаде бомбаби рехиялъул.

-Виччай цо дунги,-ян гамидаса гъоркье ччугIа гIадин кIанцIун ана ралъдалъе ГI. ГIабдулагь. Дагъистаналъул гIорал гьитIинаб мехалъго квегъарав генусесе гьеб захIматаб жо букIинчIо. Гьениб цIа свинабизе, гама бахъизе ва чIехьезе хех-го хIалтIизе кколел рукIана. Минабазул цIурал бакIал ящикал гамида жанисан къватIире кIи-кIияс ккун, цо-цо босулеб мехалъ, ГIабдулаца кIи-кIи цадахъ баччу-лаан.

Партизанал гIадин балъго тун: мана-сул тыкалде лъугьун тIаде кIанцIун ни-жер батальоналъ гитлерилал гуми чIолеб бакIалдаса чанго километралъ жанирегIан къазаруна. Нух-нухалда ратулел рукIана гьезул жаназаби, ярагъ - квен.

Тохлъукьего тIагIана фашистал цереса, ратуларо разведкаялдаги. Солдатасдаса капитанасде щвезегIан БагIараб Арми-



ялда хъулухъ гьабурав ва хъахIал финал-гун вагъарав командир гIунтIана гьезул хIиллаялда хадув, монтерасул гъунцIбиги хIатIазда хун, черхалда гIебаб рачелги бор-чун, каранда дурнабиги ран, харана гьав цо цIвакараб, борхатаб гъотIоде тIаде. Гъоркье лъугьингун кьварараб буюрухъ кьуна гьас батильоналъе. Кидаго рихьун рукIинчIо гьадигIан цIакъ кьерхун гьа-сул беразул керчал кьунсрул. – Тушманас нилъее кIичI рехулеб буго. БакI-бакIалда нилъгун рагъизе багьаналде жалги тун, гьес аслияб къуват нилъеца нахъа та-раб Виртсуялде битIун унеб буго. Нилъ-тIаде руссине ккола гьесдаса цере гуми чIолеб бакIалде щвезе. ЩвечIони нилъ хутIула гьесул гьиналде жанире ккарал ччугIбилъун.

Дунял рукIкIана, рикIкIаде зодихъ накIкIазда гьоркьосан кунчIана цIваби. Циндаго чIегIерал накIкIаз рахчана гьел, пирхараб пириялъ къалъизабуна сверухъ-лъи – цоцада рихьула цин гьелун, цин хъе-тун унел рагъухъаби.

Тушманасдаса кIикього минуталъ цебе ккана батальон Виртсуялде балагьарал гохIал щобазда щулалъизе.

Командирасул сонисеб хIисаб мекъи ккечIо, раккана гъачагъал. Доле танк, бро-немашина гIарадаби, минометал, лъелазул цIураб кIиго рагьараб автомашина. Гьава-ялде кьвагьизе лъвагьана гитлерилал: ба-тальоналъул старщинаяс радакьего «кар-тошка» чIезе ритIун рукIана гIолохъаби, квеш ккечIо, гьаз ракьулъ рахчарал мини-базде тIаде ккана фашистал...

Амма танк жеги чIаго буго. Гьалъ тушба-базе нух бацIунеб буго. ГIагарлъула гьаб командир вахчарал хъархъазда цебе.

- Ма босе! Ма, босе! –абун тIаса гъоркье гранатаби ржинарула капитанас. Танк лъал-хъула, хъураб оц гIадин хъурхъудула, сородула, ахир тIеркIелаго чIола. Лъукъана тушманасул аздагьо. Гьелъ нух къана хадур рачIулел рукIаразе. Гьеб къачIазе автома-шинабаздаса гъоркье кIанцIана лъелал. Гьеб-ха нижее къваригIун букIараб жого.

- Кьвагье!-абун ахIана командирас.

ЦIадулал гулбузул чва-хун цIад бана. Тушбаба-зул бица белъана шагьра. Бищунго лъикI хIалтIана ГI.ГIабдулагьил пулемет.

Амма жеги лъугIичIо фашистал. ЦIа пузе лъу-гьана гьезул бронемаши-на, паркъун ана тIасан «юнкерес» гъугъадана гьаваялда рахъу-лел минаби, бана гIарада. ЦIадул цIурал хъазмил кесказ накIкIил гъутIби кIурулел рукIана, цIа рекIана хъархъазда чIегIераб кIкIуялъ ва цIадулал мацIаз бахчана све-рухълъи.

Гьале лъукъана тушманасул кIиабилеб «аздагьоги». Амма къуват бащалъулеб букIинчIо. Командир сагIтихъ валагьа-на, гамиде рахине кIоларищали хIаракат бахъеян ахIана гьес, рагъухъабазги тIаса бищана фашистазда цере хвезегIан ралъ-дал тIиналдаго лъикIан.

ТIаде балеб тушманасул залпалда гъоркь таваккалго рахунел рукIана гамиде. Гьеб мехалда бищунго цIакъ хIалтIизе лъугьана ГI. ГIабдулагьил пулимет.

- Гамиде ваха. ГIабдулагь!

Гама багъарана. Рагъухъабазда лъана ГIабдулал иш лъугIун букIин. МагIарулав лебалав рагъхъанасул хIурмат гьабун, ки-назго тIагърал рахъана.

**ТIагьир ТIагьиров**

Ахихъан
Районалъул газета
№ 18 (7862)
Хамиз 1 Май
2025 г



Садовод






# Методы, востребование на рынке труда

В ФГБОУ ВО «Дагестанский государственный педагогический университет им. Р. Гамзатова» прошла встреча глав и начальников управлений образованием муниципальных районов и городских округов Республики Дагестан со студентами выпускных курсов. Начальник отдела образования Магомед Хайбулаевич принимал участие от Унцукульского района.

Мероприятие помогло студентам ознакомиться с возможностями трудоустройства и особенностями работы в образовательных учреждениях своего региона.

На встрече обсуждались важные вопросы целевого обучения, которое играет значительную роль в подготовке специалистов. Студенты узнали о механизмах реализации целевого обучения, условиях получения грантов и обязательствах выпускников перед местными органами власти.



Магомед Хайбулаевич рассказал о потребностях района в квалифицированных педагогах и подчеркнул важность активного участия студентов в учебном процессе. Он отметил, что молодые специалисты приносят новые идеи и подходы, способствующие улучшению качества образования в муниципальных образованиях.

Такие встречи предоставляют студентам уникальную возможность задуматься о будущей профессии и наладить контакты с потенциальными работодателями. Участие в мероприятиях такого формата помогает студентам понять реальные условия работы и выявить необходимые навыки и знания, которые будут востребованы на рынке труда.

# В Унцукульском районе прошло общеродительское собрание по вопросам безопасности и защиты прав несовершеннолетних



По решению Комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав в общеобразовательных учреждениях Унцукульского района проходят общеродительские собрания.

Очередное общеродительское собрание прошло в с. Унцукуль под председательством Джамала Шамсудинова - заместителя главы МО «Унцукульский район».

Гостями мероприятия и докладчиками стали Магомедов Мухаммад - начальник Управления по делам религий Министерства по национальной политике и делам религий РД, Абдулаев Гаджи - сотрудник Центра «ЭГУ» МВД России по СКФО, Крумов Шевкет - сотрудник Координационного центра ДГУ и ведущий эксперт «ФГБУ» Росдетцентр», а также почетный гость мероприятия Председатель совета Имамов Унцукульского района Магомед Абдулвахидов.

На собрании присутствовали родители МКУ «Унцукульская СОШ» № 1 и МКУ «Унцукульская СОШ № 2 им. Алиева З.Г.».

Это важное мероприятие, направленное на повышение осведомлённости родителей о ключевых проблемах, с которыми сталкиваются современные подростки. Участие представителей администрации, правоохранительных органов, религиозных и образовательных учреждений подчёркивает комплексный подход к профилактике правонарушений среди несовершеннолетних и защите их прав.

**Ключевые моменты собрания:**

1. Безопасность в интернете – как защитить детей от киберугроз, мошенничества и вредоносного контента.

2. Буллинг (травля) – методы предотвращения и борьбы с агрессией в школе и онлайн-пространстве.

3. Ответственность за участие в несанкционированных митингах – разъяснение правовых последствий для подростков и их родителей.

4. Изменения в ОГЭ/ЕГЭ – актуальная информация о проведении экзаменов и психологическая поддержка выпускников.

5. Административная и уголовная ответственность несовершеннолетних – с какого возраста и за какие правонарушения могут привлекать к ответственности.

Формат открытого диалога позволил родителям получить ответы на волнующие их вопросы. Положительная реакция участников свидетельствует о полезности таких встреч.

Подобные собрания стоит проводить регулярно, чтобы усилить взаимодействие между школами, родителями и государственными структурами в вопросах воспитания и безопасности детей.

По окончании собрания родители поблагодарили организаторов собрания.

# КъвакIиялъул ва сахаб рухIалъул нухда

**(Унсоколо района лъугьана «Зарница 2.0» рагъулабгун ВатIан бокьиялъул зоналияб этап тIобитIулеб бакIлъун)**



Лъалеб букIахъе Шамильхъалаялда ахириял къоязда унел рукIана «Зарница 2.0» рагъулгун патриотикияб къецал. Гьелъулъ гIолилаз бихьизабуна унго-унгояб рухIияб къуват, гъунки ва къохIехьей. Гьез бергьенлъиялда тIоритIана киналго этапал. Къецаз абуни гъорлъе рачунаан физическияб хIадурлъиялдаса бажариялъул тIадкъаязде щвезеГIан тIадал ишал ва рахъана бищунго лъикIаллъун.

ТIоцебесеб бакI ккуна Унсоколо №I школалъул «МахIачал» командаялъ, кIиабилеб-лъабабилеб бакIал щвана Болъихъ ва Шамиль районазул командабазе.

Гьеб бергьенлъи ккола гIицIго хIадурлъиялдалъун щвараб гуреб нилъер щивасул ракI бугеб кумек-кверчIваялъул баркатлъун щварабги. Тренераз, педагогаз ва эбел-инсуца рекIел къуват лъуна гьелъухъ ва жакъа чIухIизе бегьула нилъ гьезул бергьенлъиялдаса.

Аслияблъун ккола гьеб гIицIго спортивияб бергьенлъи гуреб ВатIан бокьиялъул аслулъун букIинги. Гьелъ бихьизабула цоцада кквеялъул гьабулеб ишалъулъ бук1унеб къуватги.

# Лъималазде кIвар кьеялъе



Гьал къоязда «Унсоколо район» МОялъул КДНалъул иргадулаб данделъи букIана райадминистрациялда. Гьениб кIвар буссинабуна районалда хадуб хал кквей гьечIого тарал цо-цо лъималаз гьарулел гIадлу хвезабиялъул гIужабазде, гьединал лъималазда гьоркьоб щибаб къойил гьаризесел хIалтIабазде.

КДНалъул членаз гьоркьор лъурал суалазда хурхун ккола хIукмаби къабул гьаруна. Хадурккун гIадлунизам хвезабуразда гьабураб хIукмо битIизе буго жавабиял идарабазде.

ЦIилъаби: консультация

# МагIишатазул электрониял тIахьал цIезариялъе



Росдал магIишаталъул отделалъул хIалтIухъабаз гьал къоязда бакIаздеги ун, хал гьабуна Рихьуни, ГIашильтIа ва ИштIубири росабалъ. Аслияб г1илалъун гьелъие букIана бакIалъулал маг1ишатазе электроннияб къаг1идаялъ тIахьал цIезариялъе кумек гьаби.

Халгьаби тIобитIулел дандчIвана бакIалъулал фермералгун, росдал магIишатазул нухмалъулелгун. МагIишат гьабулезда бихьизабуна хIисабалде росизе ккolел рахъал, рихьизаруна электроннияб къагIидаялъ документал цIезарулеб куц, жаваб кьуна гьезул суалазе.

Малъа-хъваял

# *Кванда тIагIам букIине*



* Котлетазе, тефтелазе фарш гьабизе лъикIаб буго кьаралъи гьечIеб гьанал.

* Фаршалъул тIагIам гIемерго лъикIаб букIуна гьелда гъорлъе бежарабгун бежичIеб пер ва бежабелъинчIеб картошка жубазабуни.

* ЧчугIа тIагIамаб букIине ккани, гьеб рахьдалъ лъезе ккола. Хадуб крахмалгун жубазабураб ханжуялда гъорлъги гиргизабун, лъикIго бухIилеб нахулъ лъела.

* БухIараб жоялде цIам базе лъикIаб букIуна гьеб гьализе лъугьарабго.

* Ламадур бежараб мехалда гьелда тIаде дагьабго чакар щвани, гьелъул кьерги тIагIамги лъикIаб лъугьуна.

* Петрушка хинаб лъеца чурани, махI дагьабги лъикIаб букIуна.

* Пер къотIулаго магIу чваххуларо нусалъул тIогьиб чадил кесек къазабуни.


Газета основана 1937 г.
УЧРЕДИТЕЛЬ:
Администрация
Унцукульского района
Главный редактор
КЕБЕДМАГОМЕДОВА САНИЯТ КЕБЕДМАГОМЕДОВНА

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД Регистр. Пи № ТУ 05-00284 от 20 марта 2014 г.
Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.

Адрес редакции:
51373
Унцукульский район
п. Шамилькала
ул. М. Дахадаева 3
Телефон редактора
89896522856
sadovoduns@yandex.ru
398940

Адрес издателя и типографии
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21
Подписано в печать - 24. 04. 25 г. 16. 00
фактически -17. 30 мин.
......................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1002 экз.